

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Fè Apèl



### KOUMAN POU FÈ APÈL KONT DESIZYON SEKIRITE SOSYAL

Nou mete anplas pwosedi pou fè apèl pou moun ki vle fè apèl. Men nivo apèl yo:

- rekonsiderasyon;
- Odisyon Jij Lalwa Administratif;
- Revizyon Konsèy Apèl;
- Tribinal Federal.

Nou rele desizyon nou pran pou ou ka fè apèl *desizyon inisyale*. Desizyon sa yo gen ladan, men pa sèlman:

- si w elijib oswa si w pa elijib pou resevwa benefis SSI;
- kantite lajan benefis SSI ou; ak
- lè w resevwa twòp lajan ak kantite lajan ou [resevwa anplis la](#) epi si w dwe ranbouse li.

Ou dwe fè demann yon apèl alekri **nan 60 jou** ki vini apre dat ou resevwa avi ou. Avi a ap di w fason pou fè apèl la. Si w fè yon apèl **nan 10 jou**, benefis SSI ou ka kontinye nan menm kantite lajan an jous nou pran yon desizyon sou apèl ou. Avi ou ap fè w konnen si w elijib pou kontinye resevwa benefis yo.

Kontakte nou, epi nou ka ede w avèk apèl ou.



Ou ka chwazi yon reprezantan pou aji pou ou nan pwosesis apèl ou. Pou enfòmasyon sou fason pou chwazi yon reprezantan, gade piblikasyon [HOW SOMEONE CAN HELP YOU WITH YOUR SSI](#).

### DESIZYON INISYAL

Apre w fin ranpli yon fòm aplikasyon pou benefis SSI, n ap voye ba ou yon desizyon alekri pa lapòs. Sa a se premye *desizyon inisyale* ou Chak fwa nou pran yon desizyon sou elijiblite ou oswa sou kantite lajan benefis ou apre sa, se yon *desizyon inisyale* tou.

### ETAP NAN PWOSIS APÈL LA

#### 1. REKONSIDERASYON

Si w pa dakò avèk *desizyon inisyale* la, ou ka fè demann rekonsiderasyon depi w ekri nou oswa depi w ranpli yon:

[Fòm SSA-561](#)



(Request for Reconsideration, Demann pou fè Rekonsiderasyon); oswa

[Fòm SSA-789](#)



(Disability Cessation Appeal, Apèl kont Sispansyon Enfimite).

Ou menm oswa reprezantan ou dwe fè demann alekri pou rekonsiderasyon **nan 60 jou** ki vini apre dat ou resevwa avi alekri pou *desizyon inisyale* la. Si w fè demann pou rekonsiderasyon **nan 10 jou**, nenpòt peman n ap fè nan moman ap toujou kontinye jous lè nou pran desizyon nou, sof si [revni](#) ak [resous](#) ou pa depase limit nou yo.

N ap voye ba ou yon avi sou desizyon nou pran pou rekonsiderasyon an.

Si w fè apèl kont yon sispansyon enfimite epi ou vle kontinye resevwa benefis yo jous lè nou pran yon desizyon, ou dwe fè yon demann alekri pou kontinye resevwa benefis ou **nan 10 jou** ki vini apre dat ou resevwa avi alekri

a. Ou elijib pou yon odisyon fasafas avèk yon ofisye odisyon enfimite.

Nan sèten Eta, nou itilize yon pwosesis apèl revize ki ka ranplase etap rekonsiderasyon an. Si w ap viv nan youn nan Eta sa yo, avi desizyon nou ap ba ou enstwiksyon spesifik sou fason pou fè apèl la.

## 2. ODISYON

Si w pa dakò avèk desizyon nou pran pou rekonsiderasyon an, ou menm oswa reprezantan ou ka fè yon demann pou yon odisyon devan yon Jij Lalwa Administratif. Pou fè sa, ou dwe ekri nou oswa ou dwe ranpli yon [Fòm HA-501](#) (Request for Hearing, Demann pou gen Odisyon). N ap ede w ranpli fòm sa a.

Ou menm oswa reprezantan ou dwe fè demann pou yon odisyon **nan 60 jou** apre w fin resevwa avi desizyon sou rekonsiderasyon an. Ou menm oswa reprezantan ou ka revize dosye ou anvan odisyon an pou w ka soumèt nouvo prèv. Ou ka kontinye resevwa benefis SSI ou si w fè apèl kont yon desizyon ki endike enfimite ou sispann. Ou dwe fè demann alekri pou benefis ou yo ka kontinye.

Si w **pa vle prezante nan yon odisyon devan yon jij**, ou menm oswa reprezantan ou ka mande jij la pou li pran yon desizyon selon prèv ki nan dosye ou.

Si w **vle pou gen yon odisyon devan yon jij**, li trè enpòtan pou ou menm oswa reprezantan ou prezante an pèsòn nan odisyon ki gen pou fèt la. Si pou nenpòt rezon ou pa ka prezante, kontakte jij la imedyatman anvan odisyon an epi eksplike pou kisa. Si w pa asiste odisyon ki gen pou fèt la, ou ka pèdi dwa ak benefis apèl ou.

Nou ka peye frè pou deplasman ou si distans pou sòti lakay ou pou ale nan odisyon **an plis pase 75 mil** nan yon vwayaj. Si w bezwen lajan pou frè deplasman an, fè jij la konnen sa imedyatman **anvan** odisyon an.

Nan yon ka enfimite, jij la ka vle tou pou w fè plis egzamen oswa tès medikal. Ou ka mande lòt egzamen oswa tès medikal si w panse ou bezwen plis enfòmasyon medikal. Jij la ap deside si pou li akòde demann ou.

Jij la ka mande lòt temwen, tankou doktè, pou vini nan odisyon an. Ou ka mande jij la pou li òdone temwen yo pou yo vini nan odisyon an.

Nan odisyon an, jij la ap eksplike dosye ou epi li ka poze ou menm oswa nenpòt nan temwen ou yo kesyon. Ou kapab poze nenpòt temwen kesyon tou epi ou kapab prezante nouvo prèv.

Odisyon an fèt an prive, men nou ka anrejistre li. Ou ka mande yon kopi kasèt an oswa CD a.

Jij la ap voye bay ou menm ak reprezantan ou yon kopi desizyon ki pran nan odisyon an.

## 3. KONSÈY APÈL

Si w pa dakò avèk desizyon jij la, ou menm oswa reprezantan ou ka fè demann yon apèl depi w ekri nou pou fè demann pou Konsèy Apèl la fè yon revizyon oswa depi w ranpli yon [Fòm HA-520](#) (Request for Review of Hearing Decision/Order, Demann pou Revizyon Desizyon/Lòd nan Odisyon). N ap ede w ranpli fòm sa a.

Ou menm oswa reprezantan ou ka fè demann pou Konsèy Apèl la fè yon revizyon **nan 60 jou** apre w fin resevwa desizyon ki pran nan odisyon an.

Ou menm oswa reprezantan ou ka soumèt nouvo prèv.

Konsèy Apèl la ap analize dosye ou avèk atansyon epi l ap akòde, refize, oswa anile demann ou fè pou revizyon an. Si Konsèy Apèl la akòde demann ou fè pou revizyon an, l ap swa pran desizyon sou dosye ou oswa retounen dosye a bay jij la pou lòt aksyon, ki ka gen ladan yon lòt odisyon ak yon nouvo desizyon.

Konsèy Apèl la ap voye bay ou menm oswa bay reprezantan ou yon kopi desizyon li, k ap eksplike aksyon ki pran sou demann ou.

#### 4. TRIBINAL FEDERAL

Si w pa dakò avèk aksyon Konsèy Apèl la, ou ka angaje yon pwosè sivil nan Tribinal Federal ki nan zòn ou. Nou pa ka ede w ranpli yon pwosè sivil. Ou ka vle kontakte yon avoka oswa yon gwoup èd legal pou ede ou.

Ou dwe ranpli yon pwosè sivil nan tribinal federal la **nan 60 jou** apre w fini resevwa aksyon Konsèy Apèl la.

Tribinal Federal la ap revize prèy la ak premye desizyon ki te pran yo, men li p ap fè okenn lòt odisyon.